



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 18 oktòb 2012

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NY WORKS FINANSE ESPAS POU JWE PAK ETA A KI NOUVO AK
AMELYORE NAN NORTH COUNTRY**

Sant modènize yo enpòtan pou ankouraje moun yo viv an sante ak fè aktivite fizik

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik Eta New York pral bati ak modènize espas pou jwe twa (3) Pak eta a nan North Country. Yo finanse modènizasyon pak la avèk \$435.000 dola nan pwogram New York Works Gouvènè a.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Li enpòtan pou timoun yo jwenn yon kote ki pwoteje ak enteresan pou yo jwe, epi pwojè NY Works sa yo ap bay yo sèlman sa ki nan Pak Eta a toupatou nan New York. Chif yo rakonte istwa anpil ak yon pakèt moun k ap vizite pak yo, epi mwen ankouraje tout moun pou vizite zòn ki nouvo ak amelyore yo andedan pak eta a ak bèl bagay New York gen pou ofri.”

Anba pwogram nan, Pak Eta a ap bati oswa kreye nouvo espas pou jwe nan de (2) pak, epi y ap enstale nouvo ekipman nan espas pou jwe nan twa (3) pak nan North Country. Espas pou jwe yo ap gen aksè ki fasil pou moun andikape yo, epi yo gen zòn ki diferan pou jèn moun ak pou gwoup moun aje yo. Chak espas pou jwe ap gen pwòp tèm inik li pou montre patikilarite pak la. Modènizasyon espas pou jwe yo ap asosye avèk modènizasyon espas yo, tankou pyebwa yo oswa vout, kote pou chita, fontèn dlo, ak koneksyon avèk santye/twotwa nan rès pak la.

Men kèk nan pak eta:

Whetstone Gulf State Park, Lowville – ap modènize espas pou jwe ki toupre zòn pisin pak la avèk nouvo ekipman, tankou estrikti eskalad ak glisad sou platfòm miltip, balanswa, balanswa senp ak, ak wòch pou monte nan miray.

Higley Flow State Park, Colton – ap modènize espas pou jwe ki toupre zòn pisin pak la avèk nouvo ekipman, tankou estrikti eskalad ak glisad sou platfòm miltip, balanswa, balanswa senp ak, ak wòch pou monte nan miray.

Haitian Creole

Point Au Roche State Park, Konte Clinton – ap modènize espas pou jwe ki toupre zòn pisin pak la avèk nouvo ekipman, tankou estrikti eskalad ak glisad sou platfòm miltip, balanswa, balanswa senp ak, ak wòch pou monte nan miray.

Senatè Betty Little di konsa “Espas pou jwe yo se bon kote pou timoun pou devlope lanmou-pwòp yo pandan y ap defye tèt yo sou plan fizik. Li enpòtan pou nou asire yo amizan, men tou pou yo jwenn pwoteksyon. Mwen sèten fanmi zòn nan ak touris yo ap apresye modènizasyon ki fèt nan Point Au Roche State Park, epitou mwen kontan pou fè yon sèl avèk Gouvènè Cuomo pou anonse sibvansyon sa a.”

Senatè Joseph Griffo di konsa, “Antan yon ansyen Majistra vil la, mwen konnen espas pou jwe yo se yon enkyetid ki gen priyorite pou kalite lavi. Yo dwe fè antretyen nan espas pou jwe yo pou sekirite, yo dwe pwoteje espas pou jwe yo pou fanmi yo, epi lè li posib, yo dwe modènize espas pou jwe yo pou chanje gou. Menmsi sistèm Pak Eta a patisipe nan revni nan patwonaj k ap kontinye, finansman ki anonse jodi a se yon envestisman rezonab k ap ede sipòte yon ranman, pa lajan, men yon bagay ki pi enpòtan - vizitè pak la.”

Manm Asanble Janet Duprey di konsa, “Mwen kontan paske Pt. Au Roche State Park pami pak k ap resevwa yon nouvo espas pou jwe. Bèl pak sa a se yon gwo kote pou fanmi yo jwi Lake Champlain ak yon jounen nan aktivite deyò. Anpil moun te rasanble depi kèk ane pou kenbe Pak la louvri, epi adisyon nouvo espas pou jwe a avèk aksè fasil pou moun andikape yo ap yon lòt patikilarite nan anpil avantaj ki deja disponib nan Pt. Au Roche.”

Manm Asanble Ken Blankenbush di konsa, “Pwojè sa yo vini nan yon bon moman lè fanmi pati nò New York yo ap pran vakans pandan y ap ankouraje touris lokal la tou. Investisman sa yo ap asire timoun yo ap jwenn aksè pwoteje toutan nan pak eta nou yo.”

Yo prevwa konstwiksyon espas pou pral fèt nan fen sezon an, avèk espas pou jwe k ap pare pou itilize nan pwochen sezon prentan an.

Pak Eta a planifye pou repare, modènize, oswa kreye plis pase 50 espas pou jwe, sitou nan pak kote anpil fanmi ak timoun yo ap vizite. Pwogram New York Works kreye 20 espas pou jwe ki nouvo oswa amelyore pou konekte fanmi yo avèk pak yo nan pwochen ane a.

Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik Eta New York ap sipèvize 178 pak ak 35 espas istorik eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou nenpòt espas pou jwe, rele 518-474-0456 oswa ale sou Entènèt nan sitwèb www.nysparks.com.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Haitian Creole